# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–25 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस सरकार के ओरि से हाले में निरस्त कइल गइल पुलिस भरती परीक्षा क तारीख घोसित कइ दिहल गइल हौ। उत्तर प्रदेस पुलिस भरती अउर प्रोन्नति बोर्ड की ओरि से आरक्षी नागरिक पुलिस के साठ हजार दुई सौ चौवालीस पद पर सीधा भरती क लिखित परीक्षा अब तेइस–चउबीस अउर पचीस अगस्त आ तीस अउर एकतीस अगस्त दुई हजार चउबीस के आयोजित करावे क फैसिला कइल गइल हौ। पेपर लीक क आरोपन के चलत छात्र लोगि के मागि पर ई परीक्षा निरस्त कइ दिहल गइल रहे। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ परीक्षा निरस्त करत अधिकारियन के निरदेसित कइले रहले कि ई परीक्षा छौ महिन्ना के भित्तर सुचिता अउर पारदर्सिता के उच्चतम मानक के हिसाबि से फेरि से आयोजित करावल जाव।

जन्माष्टमी क तिउहार के नाते परीक्षा में अंतराल दिहल गइल हौ। रोजाना दुई पाली में ई परीक्षा संपंन करावल जाइ अउर हर पाली में करीब पांच लाख अभ्यर्थी ऐह परीक्षा में सामिल होइहें। परीक्षा में सामिल होखे वाले अभ्यर्थियन के उत्तर प्रदेस राज्य सड़क परिवहन निगम की ओरि से निःसुल्क बस सेवा क सुविधा दिहल जाइ।

अभ्यर्थी अपने सुविधा के हिसाब से एकर लाभ ले सकेले। बस से यात्रा करे वाले अभ्यर्थिन के अपने प्रवेस पत्र क दुई गो अउरियो कापी डाउनलोड करे के होइ अउर ओकर एक कापी परीक्षा केन्द्र के जिला ले क यात्रा खातिर अउर दूसरका कापी परीक्षा के बादि आपन जिले ले क यात्रा खातिर बस कंडक्टर के देवे के जरूरी होइ।

प्रदेश सरकार के ओरि से सार्वजनिक परीक्षा में अनुचित साधन, जइसे प्रश्नपत्र लीक भइल अउर उत्तर पुस्तिका से छेड़छाड़ जइसन कार के रोके बदे उत्तर प्रदेस सार्वजनिक परीक्षा अध्यादेस दुई हजार चउबीस एक जुलाई, दुई हजार चउबीस के अधिसूचित कइल गइल हौ। येह अधिनियम में प्रावधान कइल गइल हौ कि परीक्षा में अनुचित साधनन क इस्तेमाल कइल, नकल कइल, चाहे नकल करावल, प्रश्न पत्र क प्रतिरूपण कइल, चाहे प्रकट कइल, चाहे प्रकट कइले क षडयंत्र कइल, जइसन कार अपराध के श्रेणी में आवेला जवन येह अधिनियम के अंतर्गत दंडनीय हौ अइसन मामिला में एक करोड़ रूपिया ले क जुर्माना अउर उमिरि कैद ले क सजा, दुन्नो हो सकेला।

**********

ओनतीस जुलाई से सुरू हो रहल उत्तर प्रदेश विधानमण्डल के मॉनसून सत्र में प्रदेस सरकार दुई हजार चउबीस–पच्चीस क पहिला अनुपूरक बजटो पेस करी। एकरे जरिया से प्रदेस सरकार प्रयागराज कुंभ क तइयारियन बदे धनरासि का आवंटन करी सथहीं अउरियों विभागन क जरूरी परियोजनन के पूरा करे बदे अनुपूरक बजट में प्राविधानो कइल जाइ। वित्त विभाग के ओरि से अनुपूरक बजट लावे क तइयारी सुरू कइ दिहल गइल हौ।

**********

उत्तर प्रदेश क पुलिस महानिदेशक प्रशांत कुमार भीड़ प्रबंधन अउर भगदड़ से बचाव बदे एसओपी जारी कइले हवे। एसओपी में अब यूपी में जिला रेंज अउर जोन स्तर पर अलगि–अलगि एकीकृत प्रणाली बनी। डीएम, सीएमओ, सिविल डिफेंस, फायर बिग्रेड अउर स्थानीय पुलिस के स्तर पर नियमित रूप से इंटिग्रेटेड सिस्टम के अपडेट कइल जाइ। हाथरस क सत्संग भगदड़ जइसन घटना दोबारा न हो, एकर कोसिस कइल जाइ। डीजीपी कहले कि कार्यक्रमन क अनुमति देवे वाले अधिकारी अउर स्थानीय पुलिस पहिले से चेक करें कि कार्यक्रम स्थल पर कउनों खतरा नाही बाटें अउर अइले–गइले क आसानी हौ।

**********

एडीजी जोन वाराणसी पीयूष मोर्डिया के अगुवाई में पुलिस टीम आजु भिन्नहिये बलिया के नरही थानाक्षेत्र स्थित यूपी–बिहार बॉर्डर के भरौली चउराहा पर छापा मरलसि। टीम येह दौरान अवैध वसूली क बड़हन रैकेट क खुलासा कइलस सथहीं दुई गो पुलिसकर्मी अउर सोरह दलालन के गिरफ्तार कइलस। डीआईजी आजमगढ़ वैभव कृष्ण के हिसाबि से ये कार्रवाइ मे कुल आठ गो पुलिसकर्मी अउर सोरह दलालन के खिलाफ मोकदिमा दरज कइल गइल हौ। जांचि में पता चलल हौ के भरौली चउराहा पर दलालन के मदद से ई पुलिसकर्मी रोजाना एक हजार ट्रक से पांच–पांच सौ रूपिया क अवैध वसूली करत रहले।

**********

नया निजी स्कूल खोलले, नया विषय सुरू कइल अउर सेक्सन बढ़वले क मान्यता बदे सासन अब चार सदस्य वाला कमेटी क गठन कइ दिहले हौ। विशेष सचिव माध्यमिक शिक्षा आलोक कुमार क अध्यक्षता में ई कमेटी गठित कइल गइल हौ। अबहिन ले माध्यमिक शिक्षा निदेशक क अध्यक्षता में कमेटी बनावल जात रहे। माध्यमिक शिक्षा परिषद क सचिव एकर पदेन सदस्य सचिव होत रहले। बकिर नया स्कूलन के मान्याता दिहलें में कउनो गड़बड़ी ना हो एकरे बदे सासन एकर कमान अपने हाथे में ले लिहले हवे।

**********

केन्द्रीय गृह मंत्री अमित शाह पर कइल गइल आपत्तिजनक टिप्पणी के मामिला में लोकसभा में नेता प्रतिपक्ष राहुल गांधी बिहने सुल्तानपुर क एमपी–एमएलए कोरट में पेस होइहे।

**********